TUGAS 2

A. Wenehana tandha ping (x) ing aksara a, b, c, utawa d ing ngarep wangsulan kang trep!

1. Ngisor iki klebu crita legendha, kejaba..
   a) "Dumadine Kutha Simo"
   b) "Babad Dipanegara"
   c) "Asal-usul Boyolali"
   d) "Asal-usul Semarang"
2. Legendha kang ana gegayutane karo papan sawijining dhaerah diarani legendha....
   a) Keagamaan
   b) alam gaib
   c) pawongan
   d) sawijining papan
3. Sawijining crita iku tetep, ora ana ewah-ewahan kang wigati saka lahir tekan jaman saiki kasebut
   a) Imajiner
   b) Anonim
   c) Kolektif
   d) Statis
4. Nyritakake bab ala lan becik kanggo nggambaraken kedadeyan-kedadeyan kang mokal anane. "Mokal anane" tegese
   a) Imajiner
   b) Anonim
   c) Kolektif
   d) Statis
5. Wacanen pethilan crita ing ngisor iki!
   Ing jaman semana, ana crita rakyat neng desa kang isih dadi bageyan Kecamatan Mojolaban. Desane iku ana ing sisih wetan Bengawan Sala. Critane nggambarake wong sekti kang disenengi dening wong akeh lan bisa dadekake desane maju.
   Pethilan crita kasebut njlentrehake unsur
   a) Tema
   b) Latar
   c) Alur
   d) perwatakan
6. Perangan kang migunakake gambaran ana ngendi crita kuwi kedadeyan diarani latar..
   a) Wektu
   b) Swasana
   c) Kahanan
   d) Panggonan
7. Pengarang migunakake tokoh "aku" mung dadi tokoh panyengkuyung (pelengkap) ana ing crita klebu tuladha perangan..
   a) Alur
   b) sudut pandang
   c) gaya basa
   d) latar
8. Dongeng kang gegandhengan karo dumadine sawijining panggonan kasebut..
   a) Fabel
   b) Legendha
   c) Mite
   d) Sage

9. Gatekna ukara ing ngisor iki!
   (1) maju.
   (2) mundur.
   (3) campuran.
   (4) kontemporer.
   Kang ora klebu jinising alur katunjuk nomer
   a. (1) lan (4)
   b. (1) lan (3)
   c. (2) lan (3)
   d. (3) lan (4)
10. Crita rakyat dumadi saka perangan intrinsik kaya ing ngisor iki, kejaba.
   a) Underan
   b) Setting
   c) Biografi
   d) Amanat

B. Genepana ukara-ukara ing ngisor iki nganggo tembung-tembung kang trep!
   Wacanen maneh crita "Jaka Tarub".
   1. Latar panggonan ing crita kasebut, yaiku.
   2. Crita Jaka Tarub nggunakake alur
   3. Tema crita kasebut, yaiku
   4. Widodari garwane Jaka Tarub asmane
   5. Paraga ing crita Jaka Tarub mung ana telu, yaiku Jaka Tarub, Nawang Wulan, lan simboke Jaka Tarub. Paraga sing endi sing paling mbok senengi? Apa alesanmu